Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилъе,нилъ гьечIого,хур.
Инхоса ГIали-хIажи

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.



# Гумбет

Гумбет районалъул газета

№ 10 (6798) 14 март 2022 с. Итни ШагIбан 1443 с. Багьа - эркенаб


БАКЪЛЪУЛАЗУЛ ГIУМРУ

## Гъалип Гъалипов: «Дир мурад - район цолъи ва цебетIей»

**Бакълъулазул бетIерлъун вищана Гъалип Гъалипов**



**Бакълъул районалда иргадулаб гуреб районалъул депутатазул Собраниялъул 7-абилеб ахIиялъул «“Гумбетовский район” МРялъул бетIер вищи» абураб суал гьоркьоб лъураб 13-абилеб сессия тIобитIана. Тадбир рагьана ва бачана районалъул депутатазул Собраниялъул нухмалъулев Мухтар АхIмадовас. Депутатазда цеве кIалъазе вахъана Бакълъул районалъул бетIер вищиялъул конкурс гIуцIиялъул комиссиялъул нухмалъулев, Дагъистаналъул бетIерасул жанисеб сиясаталъул Управлениялъул ва бакIалъулаб управлениялъул нухмалъулесул заместитель Арслан ГIалиханов. Гьединго кIалъазе рахъана конкурсалъул гIахьалчагIи – муниципалитеталъул бетIерасул ишал тIуралев Гъалип Гъалипов ва районалъул нухмалъулесул кумекчи Муса КъурамухIамадов.**

«Дун вачIана Бакълъул районалъул администрациялде ракIбацIцIадго ва гIагараб ракь цебетIолеб хIалалда хIалтIизе, район цолъизабизе, бакълъулазул гIумрудул шартIал лъикIлъизаризе нияталда. Жакъа дунялалда гIадатияб гуреб ахIвал-хIал буго. Россиялъ тIобитIулеб буго Украина неофашистаздаса бацIцIад гьабиялъул хасаб операция, гьениб гIахьаллъи гьабулеб буго бакълъулазги. Нилъер районалъул гIадамаз Россиялъул Президент Владимир Владимирович Путинил сиясат ритIухъаблъун рикIкIуна. ТIоцебесеб иргаялда церетIезаризе хIажатал рахъаллъун рикIкIуна сахлъи цIуни ва лъайкьей. Районалъул бетIерасул ишал тIуралаго, щуго моцIалда жаниб дун щвана муниципалитеталъул росабалъе, дандчIвана районалъул гIадамалгун, къабул гьаруна бакълъулал, гьезул тIалабал тIуразе бажарараб гьабуна, муниципалитеталъул федералиял ва регионалиял программаби гIумруялде рахъинаризе хIаракат бахъулеб буго»,- ян абуна Гъалип Гъалиповас.



Гьединго кIалъазе рахъана районалъул депутатазул Собраниялъул депутатал МухтарахIмад АхIмадов, ГIумар ХIадисов, Сайпилав МухIамадов, ГIабдулшагьид Асадулаев, районалъул ветераназул гIуцIиялъул нухмалъулев ГIали ГIумархIажиев, ТIолгороссиялъулаб ветераназул Дагъистаналъул Бакълъул районалда бугеб «Рагъулаб вацлъи» отделениялъул нухмалъулев МухIамадрасул Сулейманов, «Верхнее Инхо» поселениялъул бегавул МухтарахIмад МухIамадов ва цогидал. Гьаркьал кьеялъул хIасилалда 30 депутатас районалъул бетIерлъун Гъалип Гъалипов вищизе гьаракь кьуна. Кинавниги вуго 31 депутат. Районалъул депутатазул Собраниялъул спикер Мухтар АхIмадовас Гъалип Гъалиповасда баркана Бакълъулазул нухмалъулевлъун вищи ва гьарана хIалтIулъ цебетIей. Жиндирго рахъалдасан Гъалиповас баркала загьир гьабуна депутатазе, республикаялъулаб тIалъиялъе ва бакълъулазе гьабураб божилъиялъухъ ва баян гьабуна ВатIан цебетIезе бажарараб гьабизе букIин.

**«Гумбет» РИО**

НОМЕРАЛДА РУГО:




«Нилъергоял рехун толаро»
- 2 гьум.



Бакълъулазул тIалъи – Болъихъ районалда
- 2 гьум.



Бакълъулазул руччабазе – шапакъатал
- 3 гьум.



ХIабиб ДавудхIажиев - СКФОялъул чемпион
- 3 гьум.

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ ГIУМРУ

# «Нилъергоял рехун толаро»

### ВатIан бокьиялъул тадбирал тIоритIана

**Бакълъул районалда араб анкьалъ тIобитIана «Нилъергояе гIоло» абураб Россиялъул Президент Владимир Владимирович Путинил сиясат битIараблъун рикIкIиналъул кIудияб акция. Районалъул централда Россиялъул Бакълъул районалда бугеб ОМВ-Дялъул машинаби чIезаруна Z хIарпалъул сипаталда, гьеб буго фашистазулаб пикруялъул хъамалчагIаздаса Украина бацIцIад гьабиялъул мурадалда тIобитIараб хасаб операциялъул гIаламат. Гьединго МелъелтIа росдал гьоркьохъеб ва аслияб школазул цIалдохъаби, «Бакъ» ясли-ахалъул тарбиячагIи цере рахъана ва Z хIарпалъул сипаталда мухъ гьабун чIана. Тадбир тIобитIана Бакълъул районалъул нухмалъулев Гъалип Гъалиповасул жигаралдалъун, акциялда гIахьаллъи гьабуна рагъухъаби-интернационалистазги.**



Тадбиралда кIалъазе рахъана: Афганистаналъул ветераназул ва инвалидазул ТIолгороссиялъулаб жамгIияб идараялъул Бакълъул районалда бугеб бакIалъулаб отделениялъул нухмалъулев ГIумарасхIаб Булатханов, ТIолгороссиялъулаб ветераназул идараялъул Дагъистаналъул отделениялъул Бакълъул районалда бугеб «Рагъулаб вацлъи» отделениялъул нухмалъулев МухIамадрасул Сулейманов; бакIалъулаб ОО-ОВИ «ВоИн» отделениялъул нухмалъулев Багъавудин МухIамадов; «Народное ополчение 1999 г. “Интербригада”» ДРОО штабалъул нухмалъулев УхIума ГIабдулкъадиров, рагъухъаби-интернационалистал идараялъул гIахьалчи АхIмад МухIамадов ва цогидал. «Нилъергоял рехун толаро» ва «Нилъергоязе гIоло» абурал акциял тIоритIана Бакълъул районалъул цогидал росабалъги.

**«Гумбет» РИО**

ГIАДАМАЗУЛ ТIАЛАБАЗДА

# Бакълъулазул тIалъи – Болъихъ районалда

### ХIинкъи гьечIолъи цIуни , кванил нигIматазул багьаби цо хIалалда чIезари…

Бакълъул районалъул нухмалъулев Гъалип Гъалиповас араб анкьалъ гIахьаллъи гьабуна «Кванил сурсатазул хIинкъи гьечIолъи чIезаби ва кванил нигIматазул багьаби цо хIалалда чIезари» абураб суалалда хурхун гьабураб данделъиялда. Тадбир тIобитIана Болъихъ районалъул Болъихъ росулъ Дагъистаналъул вице-премьер Ризван ГъазимухIамадовасул бетIерлъиялда ва Бакълъул, Болъихъ, ГIахьвахъ районазул вакилзабазул гIахьаллъигун.



Дагъистаналъул ХIукуматалъул Председателасул заместитель Ризван ГъазимухIамадовас киназулго пикру буссинабуна жамгIиябгун сиясатияб ахIвал-хIал, информациялъулаб хIинкъи гьечIолъи цIуниялъул суалал кIвар цIикIкIарал рукIиналде. Бакълъулазул нухмалъулев Гъалип Гъалиповас дандеруссиналда баян гьабуна районалда хIинкъи гьечIолъи цIуниялде кIвар буссинабулеб букIиналъул.

«Бакълъул районалъул администрациялъул жигаралдалъун муниципалитеталъул киналго росабалъ ВатIан бокьиялъул тадбирал тIоритIана ва Россиялъул Президент Владимир Владимирович Путинил сиясаталда рази рукIин бихьизабурал батIи-батIиял акциял гIуцIана, «Нилъергоял рехун толаро» абураб ахIиялда гьоркь тадбирал тIоритIана»,- ян бицана Гъалип Гъалиповас.

**«Гумбет» РИО**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ АНКЬ

# Гъалип Гъалипов – ЧIиркъатIа росулъ

### КДЦ, ясли-ах, школа къачIай, бергьенлъиялъул кIамури бай

**Араб анкьалъ Бакълъул районалъул нухмалъулев Гъалип Гъалиповас хIалтIулаб сапар бухьана ЧIиркъатIа росулъе. Гьес халгьабуна гьоркьохъеб школалъул ва цогидал росдал идарабазул. ЦIалул идараялда тIобитIараб данделъиялда гIахьаллъи гьабуна росдал хIаракатчагIаз, мугIалимаз, сахлъи цIуниялъул хIалтIухъабаз, диниял идарабазул вакилзабаз ва цогидаз.**



Тадбиралда гIахьаллъараз рорхана школалда капиталияб ремонт гьабиялъул, нухал къачIаялъул, лъалъадиялъул, маданиябгун хIухьбахъиялъул центр, ясли-ах къачIаялъул ва цогидал кIвар бугел суалал. Гъалип Гъалипов гьединго щвана участковияб больницаялде, «Нур» ясли-ахалде. Районалъул нухмалъулес чIиркъдерие баян гьабуна гьеб росдал бакIал федералиял ва регионалиял программабалъе ккезаризе бажараралъ гьабизе букIиналъул.

ХIалтIулаб сапаралда Гъалиповасда цадахъ рукIана гьесул кумекчи Муса КъурамухIамадов, муниципалитеталъул финансовияб идараялъул нухмалъулев РурухIма Халидов, Бакълъулазул лъайкьеялъул отделалъул нухмалъулев ХIассан ГIалихIажиев, ГО ва ЧСялъул бетIерав специалист ХIасан ХIасанов, «Село Чирката» поселениялъул нухмалъулев МухIамад МухIамадбакиров, ЧIиркъатIа росдал больницаялъул бетIерав тохтур МухIамад Шарипов ва цогидал. Гьединго районалъул нухмалъулев Унсоколо районалъул администрациялъул вакилзабигун щвана бергьенлъиялъул кIамури базе бугеб мухъалдеги.

**«Гумбет» РИО**

КЬУРУЛЪ КЬАБУРАЛ МАГIАЛ ...

# ГъазимухIамад АхIмадов – спорталъул цевехъан

### Россиялъул мустахIикъав тренер ракIалде щвезавуна

**2022-абилеб соналъул 9-абилеб марталда Бакълъул районалъул администрациялда Россиялъул мустахIикъав тренер, ветераназда гьоркьов чанцIуго дунялалъул чемпионлъун вахъарав ГъазимухIамад АхIмадов ракIалдещвеялъул тадбир тIобитIана. Бакълъулазул нухмалъулев Гъалип Гъалиповас бицана ГъазимухIамад АхIмадович АхIмадовасул гIумрудул хIакъалъулъ, тренер ва гIадан хIисабалда гьесул рукIарал тIокIлъабазул, махщел цIикIкIиялъул.**



«Россиялъул мустахIикъав тренер ГъазимухIамад АхIмадовас цIакъ хIаракат бахъана улкаялда спорт цебетIезабизе. Гьес тарбия кьураз чIахIиял спортивиял бергьенлъаби росана. ГъазимухIамад АхIмадовичасулгун дир букIана щулияб гьудуллъиялъулаб бухьен, дир тренер ва вацлъи рагIинабурав чилъун вукIана гьев. ЦIакъ пашманаб иш буго гьединав гIамал берцинав ва гьунар тIокIав инсан нилъедаса хекко ватIалъи. Алжаналъув ватаги. Гьудулзабазда, тарбиячагIазда кIочон гьечIо гьесул цIар. Дагъистаналъул меседилаб фондалъулъе ккола АхIмадов ГъазимухIамад АхIмадовичасул цIар»,- ян абуна Гъалип Гъалиповас. ГъазимухIамад АхIмадов гьавуна 1952-абилеб соналъул 9-абилеб марталда Гъуниб районалъул КIогъориб росулъ. ЧанцIуго вахъана ветераназда гьоркьов самбоялъул дунялалъул чемпионлъун. 1996-1998 сс. Дагъистаналъул ХIинкъи гьечIолъи цIуниялъул гIуцIиялъул секретарасул заместительлъунги хIалтIана.

**«Гумбет» РИО**

ТIИБ

# Бищун лъикIаб дару – хIеренаб калам

### ЛъикIаб хъулухъалъухъ баркала

**«Гумбет» газета гьоркьоб ккун бокьун буго ракIракIалъулаб баркала загьир гьабизе райбольницаялъул терапиялъул отделениялъул хIалтIухъаби: РурухIмаева ХIавраие, Тимисултанова Мадинае, ХIамзатова Паримеседое, УхIумалиева ПатIинае, ХIарисеева Заирае. Гьезда ва киналго больницаялъул руччабазда баркула араб 8 Март, гьарула щулияб сахлъи, халатаб ва рохалилаб гIумру. Гьединго кинабго лъикIабщинаб гьарула Абакаров МухIамадхIабибие, ГIабдухаликъ ГIалиевасе унтараздехун гьабулеб лъикIаб бербалагьиялъухъ.**

Гьел хIалтIухъабазул хIеренаб каламалъги разияб гьумералъги дару кьечIониги чорхолъ ругел гIузраби кIоченарулеб асар гьабулеб буго больницаялда регаразе. Унтаразе гIуцIун руго шартIал, цIунун буго рацIалъи, лъабабго ригьалъ жиндир заманалда кьола тIагIамаб квен. Жидер махщел лъикI борхизе хIаракат бахъулел Бакълъул районалъул ЦРБялъул хIалтIухъабазе баркала кьолеб буго Ингишоса Сиражудин Сайпулаевас, ЦIиликьа МухIамад ХIажиевас, Данухъа МухIамадкамил МухIамадкамиловас, Кунзахъа АсхIабгIали ХIамзатовас. Гьединго араб руччабазул байрам – 8 Март баркула редакциялъул ясаздаги.

РОСДАЦА КВАНАЗАБУЛА УЛКА

## МухIамад ГIабдулхIалимов: «ЧIунтарал росаби цIигьари – аслиял суалазул цояб»

### Бакълъулазул тIалъи – Гъадари росулъ



**Бакълъул районалъул бетIерасул кумекчи Муса КъурамухIамадов ва муниципалитеталъул росдал магIишаталъул идараялъул нухмалъулев МухIамад ГIабдулхIалимов бакълъулазул бетIер Гъалип Гъалиповасул тIадкъаялда рекъон Гъадари росулъе щвана. ХIалтIулаб сапаралда гьел дандчIвана росдал гIадамалгун, росу цIи гьабизе ва цебетIезе мурадалда тIуразе хIажатал масъалабазул бицана.**

«Бакълъул районалъул нухмалъулев Гъалип ГIисахIажиевич Гъалиповас кIвар буссинабула муниципалиталъул росаби церетIеялде. Гьедин, гьесул тIадкъаялда рекъон ниж щвана Гъадари росулъе, гIенеккана росулъ гIумру тIами гьабулезухъ, халгьабуна аслиял тIуразе хIажатал масъалабазул. 20 цIараки цIи гьабун буго гьеб росулъ, руго гьенирго гIумру тIами гьабулелги, ахал къачIаялъул хIалтIаби гьарулел руго. Гьедин, Минсельхозпродалъул «Интенсивное садоводство» абураб программа Бакълъул мухъалда гIумруялде бахъинабизе бажарараб гьабулеб буго. Гъадарисез муниципалитеталъул нухмалъулесда гьарана росулъе лъим бачине кумек гьабеян. Гьеб росулъе ниж жеги щвезе руго, бакълъулазул тIалъиялъ гIемераб хIалтIи гьабулеб буго росаби церетIезе мурадалда, хасго, чIунтарал росаби цIи гьари – администрациялъул аслиял суалазул цояб»,- ян абуна МухIамад ГIабдулхIалимовас.

**Зугьра ГIабдулкъадирова**

## ОМВДялъ лъазабулеб буго

**2014-абилеб соналъул 29-абилеб августалда къватIибе бачIараб Россиялъул МВДялъул № 736 буюрухъалда рекъон, кинаго Россиялда ругел полициялъул отделаздаго гIадин, Бакълъул районалда бугеб отделалдаги тIадаб буго гIадамазул гIарзал, лъазабиял, кинаб къагIидаялъ ругониги батIалъи гьечIого (телефоналъ, факсалъ, Интерналъул кумекалдалъун, жалго полициялъул отделалде рачIун, почалдасан, божарав чиясухъ битIун бачIараб) сордо-къоялъухъ балагьичIого къабул гьаризе. Приказалда рекъон гIарзаялъул халгьабизе чIезабураб заман буго 3 сордо - къо, захIмалъиялъухъ балагьун 10 яги 30 сордо - къоялде щвезегIан халат бахъине рес ги буго.**

ГIарзагун чи живго вачIани, гьесухъе кьезе бихьизабун буго «талон уведомление» абураб документ жинда жанибги лъица къабул гьабураб, щиб номералда хъвай - хъвагIай гьабураб, кида къабул гьабурабали бихьизабураб. Нижеца нужер щибаб гIарзаялъул мухIканаб халгьабизе буго. Гьабураб хIукмуялъул хIасилги лъазабизе буго, кинабгIаги тасамахIлъи биччачIого, цо рахъалде цIайи гьабичIого.

Суалал раккани, кIалъазе бегьула гьал хадур рехсарал телефоназдасан:

Дежурнияб часть: 887272-26-204, 99-69-12, 8 999-418-85-10

Отделалъул нухмалъулесул: 99-69-11, 8 8 272 26 233

Штабалъул нухмалъулев: 99-69-13, 8 964 049-09-48

МВДялъул божилъиялъул телефон: (88722) 98-48-48

**Ж. Исрапов, Россиялъул Гумбет районалда бугеб ОМВДялъул нухмалъулев, полициялъул подполковник**

УНЕЛ РУГО РУЧЧАБИ, ГЪЕЖДА ДУНИЯЛГИ ЛЪУН

## Бакълъулазул руччабазе – шапакъатал

### 8 Март кIодо гьабуна



**Халкъазда гьоркьосеб руччабазул къо – 8 Марталда хурхун шапакъатал ва сайгъатал кьуна районалъул нухмалъулев Гъалип Гъалиповас муниципалитеталъул руччабазе. Рохалилаб байрам тIобитIана админитсрациялъул дандеруссиназул залалда. Тадбир байбихьана ГЦТКНРялъул директор, маданияталъул мустахIикъав хIалтIухъан Набигула АхIмадибировасул документалияб фильм бихьизабиялдалъун.**

Дандеруссин бачана Россиялъул халкъазда гьоркьосеб гIадатияб маданияталъул централъул хIалтIухъан Рапият УхIумагIалиевалъ. Бакълъулазул бетIерас руччабазда баркана 8 Март, гьарана талихIаб гIумру ва щулияб сахлъи. Байрамалда гьединго баркиялъулаб кIалъай гьабуна Бакълъул районалъул руччабазул гIуцIиялъул нухмалъулелъул заместитель ПатIимат ГIумарахъаевалъ, муниципалитеталъул эменазул гIуцIиялъул нухмалъулев ГIабдурахIман Дайитмирзаевас, МелъелтIа росдал аслияб школалъул директор Зульфия ХIажимурадовалъ ва цогидаз. Тадбир берцин гьабуна Бакълъул районалъул лъималазул искусствоялъул школалъул къурдулаб «ГьитIинал магIарулал» къокъаялъ.

Щабдухъ росдал маданиябгун хIухьбахъиялъул централъул директор Раисат Абакаровалъ росдал руччабазе байрамалъулаб стол гIуцIана. ЦIиликь росдал маданияталъул хIалтIухъабазул жигаралдалъун руччабазул къоялда хурхун тадбир гьабуна, Первомайск ва ЦIияб Данухъ «Жея, ясал» абураб конкурсал тIоритIана. Нарыш, ТIад Инхо, МелъелтIа, Гьарадирихъ ва цогидал росабалъги гIуцIана ихдалилаб байрамалда хурхун тадбирал.

**«Гумбет» РИО**

РИТМ ГУМБЕТА

## Килятлинцы планируют реализовать программу «Местные инициативы»

**В рамках реализации Республиканской программы «Местные инициативы» в селении Килятль Гумбетовского района планируется реализовать проекты «Устройство ливневого стока», «Приобретение и установка трансформатора ТНГ-400». Проекты «Местные инициативы» направлены на решение вопросов, связанных с полномочиями органов местного самоуправления. В рамках проекта можно построить, отремонтировать объекты благоустройства, культуры, жилищно-коммунального хозяйства, водоснабжения, автомобильные дороги.**

По инициативе жителей селения Килятль, принято решение «Устройство ливневого стока», «Приобретение и установка трансформатора ТНГ-400». По условиям проекта, ни менее 3% от объема субсидии из республиканского бюджета направляет администрация сельского поселения «село Килятль». Также по условиям проекта, обязательно софинансирование проекта в размере ни менее 15% от проектной стоимости от имени меценатов, пожертвования населения, выходцев из села, частных лиц.

В связи с этим, инициативная группа по контролю над реализацией проектов обращается ко всем, кто хочет содействовать реализации проектов, с просьбой об оказании помощи в «Устройство ливневого стока», «Приобретение и установка трансформатора ТНГ- 400». При условии прохождения конкурсного отбора в Министерстве экономики и территориального развития РД, проекты будут успешно реализованы в село.

**Абдулгамид Магомедов, глава АСП «Село Килятль»**

КЪУРУЛЪ КЬАБУРАЛ МАГIАЛ – МАГIАРУЛАЛ ЧIАХЪАГИ

## ХIабиб ДавудхIажиев - СКФО-ялъул чемпион



**Ингушетиялда СКФО-ялъул 21 соналде рахинчIел спортсменазда гьоркьоб тIобитIана 240-ялдасаги цIикIкIун чи гIахьаллъараб эркенаб гугариялъул къецал. Гьезда гьоркьов вукIарав Бакълъул районалъул ЦIиликь росулъа ХIабиб ДавудхIажиевасе къецазул хIасилалда 97 кг цIайиялде рахинчIезда гьоркьоб тIоцебесеб бакI щвана. Баркула ДавудхIажиевада иргадулаб бергьенлъи щвей, гьарула щулияб сахлъи, халатаб гIумру ва кинабго лъикIабщинаб.**

**«Гумбет» РИО**

СТРАНА ГОР

## В Госдуме предложили освободить часть россиян от коммунальных платежей

**В стране многодетным семьям могут начать выплачивать субсидии в размере стоимости услуг ЖКУ.**

Как отметила заместитель председателя комитета Госдумы по строительству и ЖКХ Светлана Разворотнева, финансовая поддержка в части оплаты коммунальных услуг может коснуться многодетных семей, людей старше 65 лет, семей, где есть безработные. Как сообщается, соответствующие документы направлены в Минстрой.




**РИО «Гумбет»**

СТРАНА ГОР

## Сергей Меликов: «У нас лучшее мясо, в большом количестве производятся фрукты»

**Глава РД Сергей Меликов обратился к сельхозтоваропроизводителям Дагестана с**



**призывом добиться полного импортозамещения в условиях западных санкций.**

«Международные санкции предоставляют дагестанским производителям возможности динамичного развития. В первую очередь, это касается перспектив АПК. У нас лучшее мясо, в большом количестве производятся рис, овощи, фрукты, виноград», – заявил Сергей Меликов. Об этом сообщает официальный аккаунт Главы РД в сети «Телеграм».

Также для облегчения ведения бизнеса и стимулирования деловой активности в Дагестане приняты специальные меры, будет уменьшена налоговая нагрузка в сфере АПК, дадут отсрочки по платежам за аренду госимущества, расширят выдачу льготных кредитов и т.д.

**РИО «Гумбет»**

СТРАНА ГОР

## Власти Дагестана обеспечат продовольственную безопасность и проработают меры поддержки бизнеса

**По поручению Главы РД Сергея Меликова в Дагестане создан Оперативный штаб по обеспечению устойчивости развития экономики.**



Накануне прошло первое заседание данного штаба. Было отмечено, что Дагестан производит разнообразную сельскохозяйственную продукцию и в регионе имеется запас продуктов. Регион импортирует сахар и муку из других субъектов РФ. В этой части тоже налажена эффективная работа. Заседание оперштаба провёл премьер РД Абдулмуслим Абдулмуслимов. Об этом сообщает официальный сайт Правительства РД.

В рамках заседания оперштаба Минсельхозпроду РД поручено обеспечить транспортировку и хранение запаса пшеницы.

**РИО «Гумбет»**

ДОКУМЕНТЫ

## Собрание депутатов администрации сельского поселения «Село Тлярата»

**Решение: № 07**

**от «30» декабря 2021 г.** **с.Тлярата**

1. Утвердить бюджет МО «село Тлярата» на 2022 год в размере 1809,0 рублей, и плановый период на 2023 год в размере 1488,0 рублей, на 2024 год в размере 1451,0 рублей.

**а) Доходы:** **2022 г.** **2023г.** **2024г.**

| | | | |
|---|---|---|---|
| Дотация | 1626,0 | 1301,0 | 1301,0 |
| Субвенция | 93,0 | 97,0 | 100 |
| Субсидия | | | |
| Собственные доходы | 90 | 90 | 90 |
| В том числе: | | | |
| НДФЛ | 25,0 | 25,0 | 25,0 |
| ЕСХН | 5 | 5 | 5 |
| Земельный налог | 48,0 | 48,0 | 48,0 |
| Имущественный | 12,0 | 12,0 | 12,0 |
| ИТОГО: | 1809 | 1488,0 | 1451,0 |

**б) Расходы по учреждениям:**

| | | | |
|---|---|---|---|
| Аппарат управления | 1201,0 | 1156,0 | 1156,0 |
| ВУС | 93,0 | 97 | 100 |
| Культура | 505 | 185,0 | 185,0 |
| Ф/К и спорт | 5,0 | 5 | 5 |
| Молодежная политика | 5,0 | 5,0 | 5,0 |
| ЖКХ (благоустройство) | 0 | 0 | 0 |
| ИТОГО: | 1809 | 1488,0 | 1 451,0 |

**Председатель сельского Собрания Алиев К.С.**
**Секретарь Собрания Магомедбегова М.М.**

## Собрание депутатов администрации сельского поселения «Село Ингиши»

**Решение:№10**

**от 08. 02. 2022 г.** **с.Ингиши**

**1.Утвердить бюджет МО сельского поселения «село Ингиши» на 2022 год в размере 2894тыс. рублей, и плановый период на 2023 год в размере 2384тыс. рублей, на 2024 год в размере 2387тыс. рублей.**

**а) Доходы:** **2022г.** **2023г.** **2024г.**

| | | | |
|---|---|---|---|
| Дотация | 2577,0 | 2062,0 | 2062,0 |
| В т. ч. | | | |
| Субвенция | 107,0 | 112,0 | 115,0 |
| Собственные доходы | 210,0 | 210,0 | 210,0 |
| В том числе: | | | |
| НДФЛ | 23,0 | 23,0 | 23,0 |
| ЕСХН | | | |
| Земельный налог | 173,0 | 173,0 | 173,0 |
| Имущественный | 14,0 | 14,0 | 14,0 |
| ИТОГО: | **2894,0** | **2384,0** | **2387,0** |

**б) Расходы по учреждениям:**

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| а) | Аппарат управления | 1843,0 | 1582,0 | 1560,0 |
| б) | МКУК | 562,0 | 538,0 | 577,0 |
| в) | ВУС | 107,0 | 112,0 | 115,0 |
| г) | Выборы местного самоуправления | 0,0 | | |
| д) | Ф/К и спорт | 25,0 | 20,0 | 20,0 |
| ж) | Молодежная политика | 15,0 | 10,0 | 10,0 |
| з) | ЖКХ (благоустройство) | 342,0 | 122,0 | 105,0 |
| | ИТОГО: | 2894,0 | 2384,0 | 2387,0 |

**Председатель сельского Собрания Зулумханов У.А.**
**Секретарь Собрания Ахкубегов А.Х**

БетIерав редактор: ХIамзат МухIамадович ГIизудинов
телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь: Зугьра ГIабдулкъадирова
Корреспондентал: Хадижат Мазгарова, Макка МухIамадова
Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Петр IIоцевесесул къватI, 61

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гъорк
Учредитель: РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1001
Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.